

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

14 NOVANM 2002

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Jodi a w ap pran twazyèm pati egzamen an.

Twazyèm pati a baze sou plizyè dokiman.

Seksyon A nan **Twazyèm pati** a gen dokiman yo ladan li. Chak dokiman yo gen youn oswa plis pase yon kesyon apre yo. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

Seksyon B nan **Twazyèm pati** a gen yon kesyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv pou ekri repons ki apa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Dezyèm liv la epi ekri redaksyon ou an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L

Copyright 2002
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Twazyèm pati

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN

Esplikasyon: Travay yo mande w fè anba la a baze sou dokiman 1 jiska 6. Travay sa a yo mande w fè a, se pou teste kapasite w pou travay avèk dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn tout kesyon yo apre chak dokiman. Sèvi avèk repons ou jwenn pou kesyon ou yo, pou ede w ekri redaksyon w lan.

Kontèks Istorik:

Gen kèn nan mo, manje, jwèt ak abitud sosyal ki fè pati kilti nou an ki te kòmanse byen bonè nan istwa eta New York la. Endyen ameriken natifnatal, Olandè yo, ak anglè yo tout te pote kontribisyon pa yo nan kilti nou genyen koulye a.

Travay ou gen pou fè:

Pou Pati A a, li **chak** dokiman byen, epi reponn kesyon an osnon kesyon yo apre chak dokiman. Apre sa, li esplikasyon pou Pati B a, epi ekri redaksyon w lan.

Pou Pati B a, sèvi avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A, avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi ak konesans ou genyen nan syans sosyal pou w rive ekri yon redaksyon byen òganize. Nan redaksyon ou lan, ou dwe:

- Esplike **kat** kalite kontribisyon Endyen ameriken natifnatal yo, Olandè yo ak/oswa Anglè yo te pote nan kilti nou genyen koulye a.

Pati A

Kesyon pou bay repons kout

Esplikasyon: Li chak dokiman epi reponn kesyon yo mande apre chak dokiman, nan plas yo kite pou ekri repons la.

Dokiman 1

Jwèt

Jwèt boul ki te pi popilè pami Endyen ki te fèt an Amerik di Nò yo. . . se te *Tokonhon*, kidonk “little brother of war.” Jwèt sa a te tankou yon jwèt chen manje chen ki pat gen okenn prensip fiks ladan li. Pita, kolonizatè franse yo te adopte li epi to te vin rele li lakwòs. . . .

Sous: Alex Whitney, *Sports and Games the Indians Gave Us*, David McKay Co.

Jwèt kote pou fè devinèt te popilè anpil pami ti moun Endyen ameriken natifnatal yo, epi moun ki te jwe jèt sa yo te fè divès varyete jwèt yo. Sa yo te rele “Hand Game” lan te gan 2 vèsyon:

- (1) Yo te kache you wòch oubyen lòt ti objè nan yon men epi jwè yo te eseye devine nan ki men li te ye.
- (2) To te kache 2 bagay, youn nan chak men. Jwè yo te eseye devine nan ki men chak bagay te ye. . . .

“Cat’s Cradle” te yon jwèt ki te popilè anpil pami ti fi yo; yo te jwe li menm jan yo fè kounye an, sòf ak fisèl ki fèt ak misk bèt.

Sous: E. Cleary, *Woodland Indians*, Evan Moor Corp.

1 Nonmen **2** jwèt orijinal diferan Endyen ameriken natifnatal yo te konn jwe epi y ap jwe jis kounye an nan Etazini. [0.5, 0.5]

(1) _____ Nòt

(2) _____ Nòt

Dokiman 2

Pou anpil kolon [angle], jomou se sak te sove yo pou yo pat mouri grangou. Endyen yo nan Amerik di Nò yo te plante yo epi yo te vann yo ba kolon yo jiskaske kolon yo te sere grenn jomou pa yo pou yo te aprann plante yo pou kont yo.

Moun te konn bwè soup jomou, manje pouding jomou, jomou boukannen, jomou bouyi, krèp jomou, pate jomou. Te gan yon blag ki te rele “Thanksgiving Day,” Fèt Sen Pompion paske kolon yo te rele jomou, “*pompion*”.

Sous: Laurie Carlson, *Colonial Kids: An Activity Guide to Life in the New World*, Chicago Review Press, Inc.

2a Dapre dokiman sa a ki manje Endyen ameriken natifnatal yo te twoke oubyen te vann ba kolon angle yo? [0.5]

_____ Nòt

b Dapre dokiman sa a, bay **2** kalite manje kolon angle yo te konn fè ak “*pompion*”. [0.5, 0.5]

(1)

_____ Nòt

(2)

_____ Nòt

Dokiman 3

Se vre se Olandè yo ki te envente benyen fri an, men se entelijans yanki yo, kidonk ameriken, ki te fè yo mete you ti won lan mitan benyen yo. Olandè yo te rele yo “*Olykoek*” (kidonk ‘gato lwil’), men lè pèlren yo te vòlè [prete] resèt lan epi yo te pòte li nan New England, yo te kòmanse bay pat la yon fòm won epi gwòsè nwazèt (walnuts; ki fè nouvo non an *dough* “*nut*” (pat nwa) la vin parèt.

Sous: Stephanie Bernardo, *The Ethnic Almanac*, Doubleday, Inc.

3 Nonmen 2 chanjman pèlren yo te fè nan premye “gato lwil” Olandè yo. [0.5, 0.5]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 4

Ameriken natifnatal ak lang angle

Lè eksplorè ak nouvo abitan Ewopeyen yo te vini nan Nouvo Mond lan, yo te adopte anpil non natifnatal Ameriken yo pou bèt ak pou plant ki pat egziste nan ansyen mond. Pita anpil nan mo sa yo vin fè pati lang angle a. Kèk nan non bèt ki sòti nan mo endyen yo te “*moose, opossum, raccoon, skunk, ak woodchuck.*” (mous, oposòm, rakoun, skonk, woudchòk). Pami non plant yo, nou jwenn “*hickory, hominy, pecan, . . . squash, ak succotash.*” (hikry, homini, pikan, sqwash, sikotash).

Kèk lòt non angle ki soti nan lang Endyen yo te “*moccasin ak toboggan.* (mokasen, tobogann). Se menm jan an tou pou “*avocado, canoe, chili, chocolate, coyote, hurricane, tobacco, tomato,*” (zaboka, kannòt, chili, chokola, kòyòt, siklòn, tabak, tomat) ak plizyè lòt mo panyòl ki te gen orijin endyen.

Anpil, anpil montay, larivyè, vil, ak vilaj, an Amerik di Nò ak Amerik di Sid, gan non endyen tou. Pa egzanp, non “*Mississippi River*” (Rivyè Misisipi) soti nan yon mo “Algonquian” ki vle di “gwo rivyè”. Vil tankou “*Chicago, Milwaukee, Omaha, ak Ottawa*” gan non endyen. Tankou plis pase lamwatye leta nan Etazini yo gen non endyen, pa egzanp “*Alabama, Connecticut, Illinois, Iowa, Kansas, Utah, ak Wyoming.*”

Sous: *World Book Encyclopedia*, World Book, Inc.

- 4 Selon pasaj sa a, ranpli tablo anba a. Bay **yon** egzanp mo angle ki soti nan lang endyen ameriken natifnatal yo nan **chak** kategori. [0.5, 0.5, 0.5, 0.5]

Kategory mo yo	Mo ki te Soti nan lang endyen ameriken natifnatal yo	Nòt
Bèt		
Manje/Plant		
Vil		
Leta		

Dokiman 5

Heritaj olandè nan New York

Olandè. . . yo te kite pi gwo enfliyans yo sou lizaj lasosyete. Ale pwommen nan treno, fè wou lib, patinaj sou glas tout sa se yo ki te vi avèk yo . . .

Se Olandè yo ki te bay vil New York so a koulè li ak kèk nan non sitwayen ki pi distenge yo, tankou lè Van Rensselaers, Van Burens, ak Roosevelts. Epi yo bay peyi a plizyè non ki soti nan lang yo a tou, tankou *bowery* (fèm), *brief* (lèt), *spook* (lespri), *scow* (bato la rivyè), ak *yacht* (yatch). *Cruller* ak *cooky* se mo olandè, menm jan ak *boss* (mèt) *dope* (enfòmasyon) (tankou ekspresyon “give me the inside dope” (pale m sa kap fèt andedan an), *lope* (trèt) epi “*kill*” (ti larivyè) (tankou ‘creek’ yon mo ki twò konnen nan et mi Atlantik yo. Mo *stoop* (ti mach pye devan pòt ou) se yon mo olandè epi se yon inovasyon nan domèn achitekti.



Sous: David Hawke, *The Colonial Experience*, Bobbs Merrill Company, Inc.

5a Dapre dokiman sa a, bay **2** koutim sosyal Olandè yo te pote nan New York. [0.5, 0.5]

(1) _____ Nòt

(2) _____ Nòt

b Nonmen **2** mo Olandè ki vin fè pati lang angle a jodi a. [0.5, 0.5]

(1) _____ Nòt

(2) _____ Nòt

Dokiman 6



Sous: Carol Beach (retold), *Washington Irving's Rip Van Winkle*, Troll Associates

Nan ane 1600 yo, moun nan Peyiba yo te renmen jwèt yo rele “bowling” lan. Se premye kolon olandè yo ki te pote jwèt sa a an Amerik di Nò.

Jan yo te jwe jwèt lan, te diferan de jan nou jwe li jodi a. Jwè yo te sèvi ak 9 bagèt, pa ak dis tankou kounye an. Epi se deyò yo te jwe l. Yo te voye boul yo sou yon teren an zèb ke yo te rele “bowling green”

.....

Source: *New York Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw Hill

6 Ki jwèt Olandè yo te pote an Amerik di Nò nan ane 1600 yo? [0.5]

Nòt

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III A Score _____

Maximum Total is 8 Points

Pati B

Redaksyon

Esplikasyon: Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A a, epi konesans ou genyen nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize.

Kontèks Istorik:

Gen kèn nan mo, manje, jwèt ak abitud sosyal ki fè pati kilti nou an ki te kòmanse byen bonè nan istwa eta New York la. Endyen ameriken natifnatal, Olandè yo, ak Anglè yo tout te pote kontribisyon pa yo nan kilti nou genyen koulye a.

Travay ou gen pou fè:

Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi avèk konesans ou genyen nan syans sosyal, pou ekri yon redaksyon kote ou:

- Esplike **kat** kalite kontribisyon Endyen ameriken natifnatal yo, Olandè yo ak/oswa Anglè yo te pote nan kilti nou genyen koulye a.

Nan redaksyon w nan, sonje:

- Esplike **kat** kalite kontribisyon Endyen ameriken natifnatal yo, Olandè yo ak/oswa Anglè yo te pote nan kilti nou genyen koulye a.
- Mete yon entwodiksyon, bonjan eksplikasyon, ak yon konklizyon.
- Sèvi ak enfòmasyon ou jwenn nan dokiman kote ou reponn yo.
- Mete detay, egzanp, oswa rezon ki fè ou di sa w di yo.

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III B Score _____

Maximum Total is 4 Points

Non elèv la: _____ Non lekòl la: _____

PAJ POU EKRI PLAN

Ou mèt ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men sèlman pa ekri dènye redaksyon w nan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou an nan tiliv separe pou repons redaksyon yo ba ou a.

Kòmanse ekri vèsyon final redaksyon ou lan nan ti liv yo ba w pou w fè redaksyon an.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
Final Score (obtained from conversion chart) scaled 0–100	